

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis bab saméméhna, ieu panalungtikan geus bisa ngadéskripsikeun rumusan masalah anu nyampak, jeung bisa dicindekkeun saperti kieu.

1. Tradisi Ngayun mangrupa tradisi nu dilaksanakeun sabada orok lahir, ieu tradisi téh luyu pisan jeung ajaran agama Islam. Tujuanna lain baé miboga tujuan pikeun méré ngaran budak, tapi Tradisi Ngayun ogé miboga tujuan anu leuwih lega. Tradisi Ngayun miboga tujuan pikeun ngébréhkeun rasa sukur ka Gusti Nu Maha Suci kana lahirna orok jeung kasalametan orok sarta indungna. Lian ti éta Tradisi Ngayun ogé miboga tujuan pikeun ngadu'akeun sangkan orokna mulus rahayu berkah salamet, bageur, soléh jeung soléhah, ulah sacokot-cokotna, ulah sadeuleu-deuleuna, sapénta-péntana, lancar rejekina, pinter tur cerdas. Salian tii éta, tradisi ngayun ogé miboga fungsi pikeun ngamumulé warisan budaya karuhun. Palaku utama dina Tradisi Ngayun nya éta paraji jeung kulawarga orok. Sedengkeun pakakas utamana nya éta ayunan.
2. Struktur Tradisi Ngayun di Kecamatan Rawamerta téh kabagi jadi dua bagian nya éta struktur lahir jeung struktur batin. Dumasar kana hasil analisis anu kapanggih, struktur lahir jeung struktur batinna téh nya éta:
 - a. Struktur lahir: (1) Nyiapkeun runtuyan jeung masangkeun samping ayun; (2) nincakkeun budak kana duit, perhiasan, jeung taneuh; (3) Ngayunkeun budak; (4) Ngoérkeun suku hayam kana suku budak atawa anggota awak; (5) kukumbah kana cai kembang; jeung (6) sidekah atawa salametan.
 - b. Struktur batin:

- 1) Nyiapkeun runtuyan jeung masangkeun samping ayun. Tujuan diayakeunna runtuyan téh nya éta tanda keur salaki anu ngalahirkeun perkara hal-hal anu aya patalina jeung adab sanggeus pamajikanna ngalahirkeun. Lian ti éta, ayana runtuyan ogé miboga tujuan pikeun nyinglar rupa-rupa mahluk halus, balai, jeung panyakit anu datang ka diri orok. Ari samping ayun digunakeun pikeun Ngayunkeun budak.
 - 2) Nincakkeun budak kana duit, perhiasan, jeung taneuh. Ieu kagiatan téh boga tujuan sangkan budak téh loba rejekina, méméh nincak bumi téh nincak dunya heula.
 - 3) Ngayunkeun budak, miboga tujuan sangkan budak téh anteng tur tibra saréna.
 - 4) Ngoerkeun suku hayam kana suku budak atawa anggota awak, supaya panyakit-panyakit anu aya di diri orok dibawa ku hayam, jeung sangkan budak téh gancang leumpang, pinter ngoréhna, bisa ngeureut neundeun, jeung lega jagat rayana.
 - 5) Kukumbah kana cai kembang, ieu hal ngandung harti indung bapa budak nganuhunkeun jeung ménta hampura ka Ma Paraji anu geus diriripuh jeung digeugeuleuh, sabalikna Ma Paraji ogé ménta hampura ka indung jeung bapana.
 - 6) Salametan atawa sidekah anu nuduhkeun rasa sukur ka Gusti tur babagi rejeki jeung kulawarga ogé tatangga.
3. Nilik kana analisis semiotik Tradisi Ngayun bisa dicindekkeun yén tina sakabéh tanda ikon, indéks, jeung simbol aya 60 (genep puluh) tanda semiotik.
 - a. Tanda ikon anu kapanggih dina éta tradisi ngan saukur ikon imaji hungkul anu jumlahna aya 7 (tujuh) tanda. Éta tanda ikon sacara umum ngagambarkeun sakabéh pakakas jeung sasajén anu pasti aya dina kagiatan Tradisi Ngayun jeung teu bisa dileungitkeun, saperti hayam

pitik, samping, jeung béas sagantang. Ma'na tina ikon anu kapanggih dina Tradisi Ngayun sacara umum ngagambarkeun yén hirup téh ulah bauan. Lamun hirup manusa hayang pinanggih jeung huripna, manusa kudu tanggung jawab kana pilihan hirupna.

- b. Tanda indéks anu nyampak dina éta tradisi ngan kapanggih indéks kalakuan hungkul jumlahna aya 15 (lima belas) tanda. Éta tanda indéks sacara umum ngagambarkeun kagiatan anu miboga maksud utama dina kagiatan Tradisi Ngayun, saperti ngayunkeun budak sabari méré ngaran. Ma'na indéks kalakuan nu kapanggih dina éta kagiatan sacara umum ngagambarkeun yén manusa salaku kolot kudu bisa méré dadasar atikan anu hadé ka nu jadi anak, kaasup méré ngaran anu hadé.
- c. Tanda simbol kaasup anu panglobana kapanggih dina éta kagiatan téh, nya éta 38 (tilu puluh dalapan) tanda. Éta tanda simbol sacara umum ngagambarkeun sawatara pakakas, sasajén, jeung kagiatan dina kagiatan Tradisi Ngayun, saperti bubur beureum, bubur bodas, duit, perhiasan, menyan, ampél konéng, jeung sidekah. Ma'na simbol anu kapanggih dina éta kagiatan sacara umum ngagambarkeun ngeunaan udagan hirup manusa nu miharep kahirupanna téh pinanggih jeung kabagjaan lahir batin, salamet dunya ahérat. Sarat pikeun ngahontal éta hal téh, manusa dina hirupna téh kudu cageur, bageur, bener, pinter, singer, jeung parigel. Salian ti éta ogé, manusa dina hirupna téh kudu nyaingkahan panyakit haté, nya sirik, pidik, jail, jeung kaniaya ka batur.

Dumasar kana pedaran kacindekkan di luhur, ku urang bisa katitén yén unsur semiotik nu panglobana nyampak dina Tradisi Ngayun di Kecamatan Rawamerta Kabupatén Karawang téh nya éta wangun simbol.

5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun hasil aprésiasi kana ieu kana budaya. Anapon saran nu baris ditepikeun dina ieu panalungtikan di antarana:

- a. Tradisi Ngayun mangrupa tradisi anu luyu jeung ajaran agama Islam jeung ajaran Rosulullah patali jeung méré ngaran, ku kituna ieu tradisi bisa jadi sarana pikeun nguatkeun deui rasa cinta urang ka Rosululloh tangtu kalawan ngagunakeun prak-prakan anu luyu jeung ajaran agama urang.
- b. Tradisi Ngayun mibanda ma'na anu jero, lain ngan saukur patali jeung kagiatan méré ngaran tapi ogé leuwih ti kitu. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan anu leuwih jero ngeunaan tradisi Ngayun.
- c. Pikeun panalungtik satuluyna, perlu diayakeun deui panalungtikan Tradisi Ngayun anu dibandingkeun jeung Tradisi Ngayun di daérah séjénna supaya katémbong bédana jeung pikeun ngabeungharan khasanah budaya urang. Pikeun ngabandingkeunna, kudu ngagunakeun peso analisis anu leuwih jero.